



Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL DEVWALE VIZYON PREMYE BANLYE POU PENN STATION AK KATYE ALANTOU KI REVITALIZE

*Nouvo plan an transfòme Penn Station pou tounen yon enstalasyon tren modèn,  
klas mondyal*

*Plan Developman Reyimajine a redui dansite, priyorize domèn piblik ak sèvis  
sosyal yo, investi nan lojman abòdab, ogmante aksè nan transpò ak lari pataje,  
aktive peyizaj lari ki favorab pou pyeton*

*Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Hochul te devwale jodi a vizyon li pou yon nouvo banlye klas mondyal nan Penn Station pou pasaje ak katye alantou ki revitalize ki reflete bezwen kominate a ak konsantre sou transpò piblik ak amelyorasyon nan domèn piblik. Plan an priyorize rekonstriksyon estasyon ki egziste a pandan ekspansyon estasyon an ak inisyativ Pwojè Gateway (Pasrèl) la yo, ke Gouvènè a sipòte tou de anpil, kontinye nan dat limit federal la etabli yo. Nouvo plan Gouvènè Hochul la pèmèt rekonstriksyon akselere Penn Station ki egziste a, 60% kote itilizatè yo se pasaje tren ak LIRR.

Nouvo plan katye a vini apre plizyè mwa kolaborasyon ak plis pase 100 reyinyon avèk pati enterese yo nan kominate a, ajans gouvènman yo ak responsab eli yo pou amelyore plan pase yo ak etabli yon nouvo chemen pi devan. Plan an ki te anonse jodi a pral sibi plis revizyon piblik ak anons jodi a fè pati yon pwosesis piblik ki pi laj ki rete kontinyèl.

"M ap reyimajine eksperyans vwayajè Vil New York yo. Nouyòkè yo pa merite sa yo te sibi pandan plizyè deseni nan Penn Station", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Epòk neglijans sou vwayajè Penn Station nou yo ak kominate vwazen an fini. Lidè New York yo ta dwe ofri lide vizyonè ak pran mezi odasye epi se egzakteman sa transfòmasyon Penn Station mwen an pwopoze a akonpli. Plan sa a mete Nouyòkè yo an premye, bay eksperyans nan transpò ki konsantre sou pasaje a ak gwo katye yo merite. Investi nan Penn Station vle di investi nan avni New York pandan n ap rekipere anba COVID ak konstwi yon vil ki pi dirab ak vivab".

Penn Station aktyèl la - sant transpò piblik ki pi frekante nan Emisfè Lwès la, sèvi plis pasaje pase ayewopò LaGuardia, John F. Kennedy ak ayewopò Newark yo.

Deplasman operasyon Amtrak yo nan novo Koridò Tren Moynihan (Moynihan Train Hall) la bay opòtinite pou refòme Penn Station, nan elimine piò pati premye nivo souteren an pou ouvri ale prensipal la sou limyè natirèl, amelyore komès ak lòt ekipman itilizatè yo, ogmante sekirite, elaji yon fason konsiderab zòn sikilasyon pasaje yo, elaji antre ak soti yo ak rann li pi fasil pou pasaje yo sikile nan estasyon an epitou konekte ak destinasyon yo odela. Rekonstriksyon estasyon an ta dwe koute ant sis ak sèt milya dola epi ap fèt nan entèval kat ak senk ane apre konstriksyon an kòmanse.

Nan sa ki gen pou wè ak devlopman ozalantou a, ki pral ede finanse pwojè, novo pwopozisyon Gouvènè Hochul la toujou atenn revni nesesè pandan l ap redui ase plan anvan an ak elaji anpil avantaj pou kominote ak domèn piblik yo. Nuevo plan an pran an kont rekòmandasyon Gwoup Travay Komite Konsiltatif Kominote a (Community Advisory Committee Working Group, CACWG) ki te travay an konsiltasyon avèk Empire State Development, Otorite Transpò Metropolis (Metropolitan Transportation Authority, MTA), Amtrak ak NJ Transit. CACWG pral kontinye enfòme plan an pandan elaborasyon li epi Gouvènè a ap mande MTA pou angaje aktivman pati enterese nan kominote yo, ekspè nan transpò piblik, dirabilite ak planifikasyon ansanm ak itilizatè Penn Station yo nan rejon an, nan pwoesisis pou finalize pwojè a.

Reyimajine estasyon an fè pati angajman Gouvènè a pou asire aksè nan transpò ekitab ak atenn devlopman ekonomik. Sa pral patikilyèman benefik pou itilizatè pwochen estasyon Metro-North yo nan Lès Bronx (Co-op City, Morris Park, Parkchester ak Hunts Point) pou sila yo ke tan deplasman pou ale ak tounen soti nan Midtown pral redui nan 50 mini kòm rezulta Penn Access la.

Karakteristik prensipal novo pwopozisyon an gen ladan:

### **Enstalasyon Tren ki Nuevo ak Klas Mondyal**

- Kreye yon koridò tren nan yon sèl nivo, wotè doubl ki double espas sikilasyon pasaje sou novo nivo piblik la nan anviwon 123,000 pye kare pou anviwon 250,000 pye kare ak elimine pasaj ankonbre, sere ak trè frekante nan Penn Station ki egziste a
- Enkli yon koridò tren 450 pye solèy klere ki se gwosè koridò Moynihan ak Grand Central kombine
- Senplifye navigasyon
- Kreye liy vizyèl klè pou soti ak antre yo
- Ajoute 18 eskalye woulant oswa eskalye ak 11 asansè anplis nan platfòm yo

### **Dansite redui**

- Elimine 1.4 milyon pye kare devlopman pa rapò ak plan anvan an ak diminye wotè biling ki pwopoze yo.
- Bay novo kontwòl konsepsyon pou pwoteje panorama Empire State Building nan 33rd Street

## **Domèn Biblik ak Sèvis Sosyal**

- Ajoute ~3 ekta espas biblik, sa gen ladan yon plas 30,000 pye kare konparab nan gwochè ak Rockefeller Plaza epi òdone rezève espas biblik nan chak sit bilding
- Kreye yon Gwoup Travay nan Domèn Biblik ki gen lidè kominotè ak pati entereyo, ki pral devlope yon plan pou amelyorasyon priyortè domèn biblik, ke Fon Domèn Biblik la ap finanse, avèk revni inisyal reyamenajman ki dedye ak fon sa a
- Egzije espas enstalasyon kominotè yo ki pral priyorize sèvis sosyal ki nesesè anpil pou katye a, avèk yon konsantrasyon patikilye sou Nouyòkè ki nan sitiayson sanzabri yo.
- Kreye chajman/dechajman souteren pou MSG, retire kamyon yo nan lari a

## **Lojman Abòdab**

- Pèmèt jiska 1,800 inite rezidansyèl, kote 540 ap nan pri abòdab yon fason pèmanan
- Òdone yon bilding kòm rezidansyèl, ki pral gen ladan 162 inite abòdab yon fason pèmanan - plis pase tout kantite rezidans ki t ap deplase si ekspansyon nan sid Penn Station lan ta rive

## **Aksè nan Transpò Biblik ak Lari Pataje**

- Elaji nouvo koridò souteren yo nan liy IND Sixth Avenue, ki pèmèt itilizatè estasyon 34th Street Herald Square (liy B, F, M, N, R, W) jwenn aksè fasil ak Penn Station
- Apeprè double antre yo ki egziste nan Penn Station soti nan 12 rive nan 20 epi egzije devlopè yo pou ajoute antre tren siplemantè ak soti dirèkteman pou ale nan ak soti nan bilding yo, ki finalman redui dansite ak konjesyon nan antre ki sipeple yo
- Elaji twotwa nan tout katye a epi rekòmande ke 31st, 32nd ak 33rd Streets tounen lari pataje ki priyорize pyeton yo
- Ajoute pis siklab pwoteje ak elaji anpil pakin bisiklèt pandan l ap redui pakin machin

## **Peyizaj Lari Adapte pou Pyeton**

- Limite gwochè nouvo antre komèsyal bilding yo
- Egzije 40% nan chak fasad bilding se yon "itilizasyon aktif" tankou enstalasyon komèsyal ak kominotè yo

**Janno Lieber, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, te deklare,** "Penn Station se enstalasyon transpò ki pi frekante nan vil la, avèk sis liy metwo, yon bann liy bis epi byento kat chemen de fè, epi n ap tann depi plizyè jenerasyon pou modènize Penn Station. Mwen eksite Gouvènè a te deside mete yon fen sou plizyè deseni reta epi ap ensiste ke nou repare Penn Station kounye a".

**Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare,** "Vizyon Gouvènè Hochul pou yon Penn Station klas

mondal ak katye ozalantou ki revitalize yo non sèlman pral amelyore sèvis vwayaj pou pasaje yo nan Vil New York ak Nòdès Koridò a men tou li pral yon katalizè solid pou devlopman ekonomik Eta New York. Entegrasyon devlopman komèsyal ak transpò piblik se yon modèl devlopman dirab pou lavni epi mwen aplodi patnè nou yo nan gouvènman an ak sektè prive a pou plan sa a ki pral estimile revitalizasyon distri komèsyal la ozalantou estasyon pou plizyè deseni alavni".

**Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare**, "Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèské li konprann jan Penn Station ak Gateway la vital pou rejyon an, epi bay direksyon klè ke aspè transpò pwojè sa a dwe vini an premye. Mwen pa ka tann pou m travay avèk MTA, Amtrak ak New Jersey Transit sou fason pou nou fè nouvo moman an tounen yon konsepsyon Penn Station ki baze sou konsansis ak pèl nan tè a".

**Carolyn Maloney, Ki se Manm Kongrè, te deklare**, "Gouvènè Hochul ap travay di pou abòde bezwen transpò an komen Nouyòkè yo ak vwayajè rejyonal yo. Mwen pral kontinye travay avèk li, manm kominote yo ak kolèg mwen yo nan gouvènman an pou asire nou gen pi bon konsepsyon posib pou nouvo Penn Station lan".

**Manm Kongrè a, Ritchie Torres, te deklare**, "Li lè pou Penn Station antre nan 21yèm syèk la, epi mwen aplodi travay Gouvènè Hochul dèské li fè pwojè sa a tounen yon reyalite. Yon Penn Station modènize ki gen aksè pou ale ak soti nan Bronx pral pote bay fanmi k ap travay yo deplasman ki pi kout ansam ak aksè endispansab ak travay, swen sante ak edikasyon. Nouyòkè yo merite transpò an komen bon kalite ak fyab epi mwen pa ka tann pou travay avèk Gouvènè Hochul pou asire Penn Station ekipe pou mennen vil nou an nan lavni".

**Senatè Brad Hoylman te deklare**, "Mwen kontan anpil wè rekonstriksyon Penn Station nou t ap tann depi lontan kòm objektif santral plan estasyon Empire revize Gouvènè Hochul la yo. Mwen espesyalman apresye angajman Gouvènè a anvè kominote a ak angajman pati enterese yo epi mwen espere pwojè sa a pral ede abòde bezwen ijan katye a pou lojman sipò ak sèvis pou moun ki gen pwoblèm adiksyon ak maladi mantal".

**Senatè Liz Krueger, Prezidan, Komite Finans Sena Eta New York la, te deklare**, "Mwen kontan wè Gouvènè Hochul te egzamine ak atansyon plan anvan an pou zòn Penn Station epi te koute preyokipasyon kominote a ak responsab lokal yo. Nouvo plan li an pi awopriye epi konsantre dabò sou bezwen vwayajè New York yo ki navige nan Penn Station chak jou, sa ki asire pi bon aksè pou ale ak soti nan estasyon an epitou ant tren ak metwo yo. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay avèk Gouvènè a, administrasyon li ak pati enterese nan kominote a pou livre pi bon plan pou avni kominote sa a, vil nou ak rejyon nou an".

**Senatè Leroy Comrie, Prezidan, Komite Sena Eta New York sou Kòporasyon, Otorite ak Komisyón, te deklare**, "Mwen vle remèsyé Gouvènè Hochul ak ekip li dèské li pran bon desizyon pou pivote sou pwojè Penn Station lan, ki konsantre sou sa ki enpòtan toutbon k ap amelyore Penn ki egziste pou satisfè bezwen pasaje ak

kominote a. Mwen apresye ke li pral ogmante kapasite kominote a pou jwenn kontribisyon odyans publik imedyat pou asire dansite apwopriye a, montan maksimòm lojman nan pri abòdab ak aksè maksimòm sa kapab atenn nan ak ozalantou nouvo Penn Station lan".

**Senatè Kevin Thomas te deklare**, "Penn Station te bay depi lontan yon koneksyon ekonomik ak sosyal vital ant Long Island ak Vil New York. Modènize ak revitalize sant transpò esansyèl sa a se yon etap lojik ki pral pote gwo avantaj ekonomik nan rejon nou an ak amelyore lavi plizyè milye abitan Long Island ki konte sou Penn Station chak jou. Mwen pa ka tann pou m travay bò kote Gouvènè Hochul sou pwojè enfrastrikti enpòtan sa a ak lòt ki pral ede New York tounen ankò pi solid apre pandemi COVID-19 la".

**Senatè Anna M. Kaplan, te deklare**, "Abitan Long Island yo te soufri move kondisyon nan Penn Station pandan plizyè deseni, epi pwoblèm yo twòp pou yon senp renovasyon sèlman rezoud yo. Vizyon pou yon nouvo Penn Station antyèman pral amelyore radikalman vwayaj chak jou pou plizyè santèn milye Nouyòkè vire jwèt la pou rejon nou an, epi yon bagay ki dwe avanse byen vit pandan n ap travay pou rekonstwi apre epòk pandemi an. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou vizyon li pou korije erè jenerasyon pase yo gras ak envestisman transfòmatè sa a nan enfrastrikti transpò an komen klas mondyal, epi mwen pa ka tann pou m travay avèk tout pati enterese k ap patisipe yo pou wè pwojè sa a rive fini byen".

**Senatè John Brooks te deklare**, "Sikilasyon vwayajè yo ki pase nan Penn Station se yon aspè esansyèl nan ekonomi Long Island ak mòd lavi nou. Sa ki te toujou nesesè se yon lidèchip solid, konpetan ak koperatif pou reyalize vizyon 21yèm syèk Penn Station lan ki satisfè estanda kapital enfrastrikti peyi a. Mwen pa kapab remèsye Gouvènè Hochul ase pou angajman li ak vizyon li pou reyimajine yon sant transpò ki diy pou kominote yo ke l ap sèvi a".

**Richard Gottfried, ki se Manm Asamble, te deklare**, "Mwen akeyi desizyon Gouvènè Hochul la pou fè renovasyon nan Penn Station ki egziste a tounen yon priyorite epi angajman li pou travay avèk kominote lokal la ak pati enterese yo pou asire sa fèt kòrèkteman".

**Manm Asamble Judy Griffin te deklare**, "Mwen rekonesan ke Gouvènè Kathy Hochul ap mete pasaje Long Island yo an premye epi ap priyorize Penn Station avèk anons pwopozisyon nouvo Penn Station sa a. Mwen tande anpil vwayajè LIRR yo, ki rete nan Distri Asamble 21 an souvan, ke yo bezwen jwenn priyorite nan Penn Station. Pou gwo depans deplasman yo, pasaje yo dwe jwenn deplasman ki san danje ak fyab, epi amelyore Penn Station pou bay plis limyè, plis espas ak aksesibilite se pral yon bon soulajman pou vwayajè yo. Malgre nou gen pwojè ekspansyon Gateway ak Penn enpresyonan yo, li esansyèl pou nou gen yon pwopozisyon ki konsantre sou mete Penn Station ak zòn alantou a nan nivo pou vwayajè nou yo, avèk kontribisyon kominote a ki te enkli pou yon apwòch kolaboratif ant MTA, ESD, pasaje ak kominote ki enplike a".

**Manm Asanble Fred Thiele te deklare**, "Mwen felisite Gouvènè Hochul dèske li pran mezi desizif pou kreye yon Penn Station ki reyimajine ki akeyi vwayajè Long Island yo ak kontinye sèvi kòm yon sant transpò enpòtan nan tout zòn, sa gen ladan Pwent Lès Long Island".

**Manm Asanble Michael Benedetto te deklare**, "Avèk avènman Penn Station Access la ak elektè Bronx mwen yo ki gen aksè dirèk nan sant vil Manhattan apati Metro-North, mwen kapab sèlman espere y ap rive nan yon enstalasyon ki apwopriye pou premye vil nan monn lan. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou vizyon li pou kreye yon ale tren kote Penn Station ki egziste jodi a aye. Sa pral benefisyé tout elektè yo, diy grandè New York".

**Manm asanble Amy Paulin, Prezidan Komite Asanble Eta New York sou Kòporasyon yo, Otorite ak Komisyon yo, te deklare**, "Transpò piblik esansyèl pou lavi ak mwayen sibzistans rezidan yo nan rejon nou an ak ekonomi an. Yon renovasyon Penn Station ap bay yon avantaj nan kalite lavi pou plis pase 500,000 vwayajè nan Vil New York sa gen ladan pasaje Metro-North yo lè Penn Station Access fini. Sa t ap sipòte tou vwayajè envèse yo, benefisyé mache travay ak ekonomi New York la. Fason pou konsti ak kenbe pasaj se transfòme gwo sant tankou Penn Station pou sèvi bezwen kliyan yo odela de zafè pran tren an."

**Manm Asanble Taylor Darling te deklare**, "Elektè yo nan kominate mwen an ak tout Long Island vwayaje nan Eta Pennsylvania chak jou. Se yon bon nouvèl pou tandem tout vwayajè yo ki itilize Penn Station pral byenvini nan lavni, nan vil la atravè yon nouvo estasyon dènye kri. Se yon gwo anons pou nan Eta New York"!

**Manm Asanble Charles Lavine te deklare**, "Mwen salye Gouvènè Hochul ak ekip li pou amelyorasyon vizyonè li pou Penn Station ak zòn ozalantou li. Abitan Long Island yo te depi twò lontan deranje akòz vyeyisman ak limitasyon aktyèl Penn Station, lè li fini, nouvo sant transpò sa a pral fè vwayaj pou ale ak soti nan vil la tounen yon eksperyans ki pi agreyab".

**Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare**, "Yon liy Metro-North ki prale dirèkteman nan Penn Station pral bay vwayajè Westchester yo plis fason pou rive nan destinasyon yo nan Vil New York, pandan an menm tan, sa ap ranfòse ekonomi Westchester ak Vil New York. Rezidan nou yo pral pwofite opòtinite vwayaj envèse ki amelyore anpil la. Gratitud nou anvè Gouvènè Hochul ak konpatriyòt Lejislatè Eta nou yo ki, ansam avèk M.T.A., te travay san pran souf pou ankouraje inisyativ sa a ki pral afekte rejon nou an pou pwochen 100 ane yo".

**Manm asanble Phil Ramos te deklare**, "Penn Station se yon jonksyon esansyèl ki konekte abitan Long Island yo epi nou tout sa nou gen pou nou ofri bay Vil New York, men te ofri pandan ane pase yo mwens pase sèvis apwopriye pou plizyè milye vwayajè li sèvi chak jou yo. Plan Gouvènè Hochul la pou kapasite fewovyè elaji a ak

yon eksperyans ki oryante sou vwayajè a se tout sa nou te kapab mande epi mwen felisite administrasyon li pou reyaktivite li ak sèvis li anvè distri mwen an".

**Fanm ki se Manm Asanble, Gina L. Sillitti, te deklare**, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou revizyon li pou pwojè Penn Station lan ak devlopman alantou a. Genyen yon apwòch ki si konsantre ak reflechi pou amelyore aksè nan sant transpò a esansyèl. Sa pral amelyore anpil eksperyans vwayajè yo pou vizite gwo vil nou an".

**Manm Asanble Dan Quart te deklare**, "Yon renovasyon konplè Penn Station se yon bagay nou t ap tann lontan. Plan revize Gouvènè Hochul la priorize nesesite sa a pandan I ap pran an kont preyokipasyon kominotè reyèl yo sou yon mank espas publik. Nouyòkè yo merite yon sant transpò ki modèn, akeyan ak aksesib ki konsevwa pou yo epi mwen pa ka tann pou m travay ansanm ak Gouvènè a pou reyalize vizyon sa a".

**Prezidan Minisipalite Manhattan Ian, Gale A. Brewer, te deklare**, "Mwen felisite Gouvènè Hochul dèske li anonse ke amelyorasyon enpòtan nan Penn Station yo ap vanse epi pral gen priorite nan plan eta a pou katye a. Amelyorasyon nan Penn Station yo se bagay y ap tann depi lontan epi pral amelyore enfrastrikti transpò an komen rejyon nou an. Mwen pa ka tann pou m travay ak Eta sou finansman plan an, espas ouvri, kolaborasyon ak angajman avèk kominote a".

**Prezidan Minisipalite Bronx Ian, Ruben Diaz Jr. te deklare**, "Mwen aplodi vizyon Gouvènè Hochul pou yon novo, premye Penn Station klas mondal pou vwayajè. Ak nesesite ekonomi modèn lan nan lespri li, plan sa a te gen ladan solisyon inovatè pou pwoblèm chak jou ke vwayajè yo ap fè fas epi pral ede nou rekipere apre pandemi COVID-19 la. Avèk Penn Station Access k ap vini an, sa pral pote kat novo estasyon Metro-North nan Lès Bronx, plan sa a pral pèmèt aksè moun Bronx yo nan yon ale tren ki navigab, sekirité ak fasil pou itilize".

**Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare**, "Mwen remèsyé Gouvènè Hochul dèske li fè pwojè sa a tounen yon priorite pou plizyè dizèn milye abitan Long Island ki pral benefisyé yon Penn Station reyimajine. Mwen kwè renovasyon yo nan Penn Station se yon bagay nou t ap tann depi lontan epi chanjman nan konsepsyon sa yo kapab ede akselere pwosesis konstriksyon an".

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare**, "Abitan Long Island yo ak tout Nouyòkè yo merite yon Penn Station ki se yon enstalasyon transpò premye klas. Plan sa a frape bon nòt la nan konsantre sou amelyore transpò ak devlopman entèlijan".

**George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare**, "Nou t ap tann ak enpasyans Penn Station Access, epi kounye a, anons rekonstriksyon Penn Station lan ap ajoute plis antouyas toujou. Pou rezidan Westchester yo k ap viv bò Sound Shore, sa chanje tout bagay lè sa gen pou wè ak deplasman - epi sa dire yon bon tan. Plan Gouvènè a ap pote Penn Station Access nan yon lòt etap nan bay vwayajè sa yo

yon koridò tren modèn, klas mondyal ke yo merite. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a ak MTA ak pou travay di yo sou pwojè enpòtan sa a".

**Manm Konsèy Kevin Riley te deklare**, "Anons Gouvènè Hochul jodi a reyafime angajman administrasyon li an pou amelyore opsyon transpò yo ak aksè pou kominate mwen an nan 12yèm Distri a. Mwen aplodi vizyon li pou reyamenaje Penn Station, pote yon koridò tren ki ouvri ak fasil pou navige. Lè Penn Station Access vin sou entènèt, li pral bay kèk envestisman nesesè nan enfrastrikti tren an, ki pral ede bay sèvis amelyore ke elektè nou yo merite ak konte sou yo chak jou. Mwen pa ka tann pou m travay avèk Gouvènè a ak MTA pou fè sa vin yon royalite."

**Prezidan REBNY, James Whelan, te deklare**, "Amelyore eksperyans anndan ak alantou Penn Station pral benefisyé plizyè milyon rezidan Vil la ak pasaje transpò yo. Gouvènè Hochul merite aplodisman paske l ap vanse sou pwen sa a epitou pouswiv devlopman entèlajan, oryante sou transpò an komen alantou youn nan sant transpò ki pi enpòtan nan monn lan".

**Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare**, "Reyamenajman gwo sant transpò sa a ak zòn alantou li nesesè anpil epi nou t ap tann li lontan. Nou remèsyé Gouvènè Hochul pou aksyon rapid li pou avanse ak yon pwojè ki enpòtan pou avni vil ak reydon nou an".

**Carlo A. Scissura, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, New York Building Congress, te deklare**, "New York pa pral janm atenn tout potansyèl li amwenske nou rekonstwi Penn Station. Vwayajè New York yo merite yon sant tren klas mondyal ki akeyi yo nan kè vil la, avèk kapasite pou jere plis vwayajè nan ekspansyon Metro-North ak Pwogram Gateway la. New York Building Congress aplodi angajman Gouvènè Hochul pou rekonstwi Penn Station, ki konsantre sou yon kominate alantou ki dinamik, kreyasyon lojman abòdab espas piblik ouvri ki ogmante ak blokis sou twotwa ki redui avèk yon koneksyon nan Herald Square pou asire Nouyòkè yo ki deyò Manhattan gen yon trajè san entèripsyon. Konstriksyon se youn nan pi fason pou soti nan yon kriz, epi nouvo Penn Station lan pral yon arè prensipal nan pakou nou pou nou rekipere".

**Elizabeth Goldstein, Prezidan, Sosyete Atistik Minisipal New York la, te deklare**, "Nou kontan ke Gouvènè Hochul ap dirije pwojè Konplèks Empire Station lan devan, kote Penn Station gen priyorite ak lòt avantaj piblik ki nan premye plan. Vil New York merite yon estasyon tren ki elegan, koyeran ak efikas, ke jwenn sipò yon domèn piblik ki solid, reflechi ak yon katye plizyè fasèt ki kreye apati yon kolaborasyon avèk piblik la".

**Tom Wright, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Plan Rejyonal la (Regional Plan Association, RPA), te deklare**, "Desizyon Gouvènè Hochul pou li avanse nan renove ak elaji Penn Station demonstre lidèchip ak angajman li pou atenn yon opòtinite inik nan yon jenerasyon. RPA te sipòte konstriksyon pwojè Gateway la ak reparasyon Penn Station depi plizyè deseni - ak dènye rezulta sondaj yo montre piblik

la sipòte sa tou. Kounye a, li lè pou nou vanse; nou bezwen pou tout eleman nan pwojè vital sa a avanse osi vit posib. Nan travay ansanm, li posib pou nou remèt yon Penn Station ki atreyan, sekirité, modèn, aksesib ak inifye pou tout Nouyòkè ak tout rejon metropolis an".

**Renae Reynolds, Direktè Egzekitif Tri-State Transportation Campaign, te deklare,** "Nou felisite Gouvènè Hochul dèské li fè avanse vizyon li pou yon Penn Station ki fasil pou itilize ak akeyan, ki gen pi bon asekabilite ak sikilasyon amelyore. Gouvènè Hochul te montre li ouvri pou angajman ak kontribisyón pati enterese yo ak piblik la. Nou pa ka tann pou nou travay avèk gouvènè New York ak New Jersey yo, Amtrak, Metropolitan Transportation Authority ak New Jersey Transit, pou aplike yon plan ak vizyon global pou Penn Station ki satisfè tout transpò an komén rejon an ak nesesite deplasman yo".

**Lisa Daglian, Direktè Egzekitif, Komite Konsilitatif Sitwayen Pèmanan pou MTA (PCAC) te deklare,** "Yon Penn Station ki pi akeyan ak fasil pou itilize se yon bon bagay pou pasaje yo ak pou rejon an, epi nou kontan ke Gouvènè Hochul ap mete amelyorasyon yo nan tèt lis la. Vwayajè nan Long Island Rail Road ak Metro-North yo merite yon koridò tren klas mondal - sa gen ladan vwayajè West-of-Hudson ki kounye a vini atravè NJTransit ak nouvo pasaje yo ki pral byento vini lè Penn Access fini. Amezi plis moun ap retounen nan biwo, premye chwa a ta dwe se pran transpò an komén. Asire vwayajè yo gen yon espas akeyan ak sekirité pou yo ateri - avèk anpil komodite pandan y ap tann tren yo - pral ede yo remonte abò. Yo menm, ansanm ak pasaje tren ki antre ak soti nan Penn Station pral benefisyé nouvo antre yo ak espas pou pyeton ki pral devlope apati kontribisyón tout pati enterese yo. Premye plas vwayajè yo wè lè yo rive nan Vil New York ta dwe akeyan, epi nou wè sa nan plan yo pou nouvo Penn Station lan. Nou pa ka tann pou nou wè amelyorasyon opòten sa yo ki oryante vè pasaje yo epi pral an reyalite yon plezi pou nou wè".

**Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York) te deklare,** "Plan sa a transfòme Penn Station pou tounen yon sant transpò 21yèm syèk epi opòtinite a pral jenere yon bann karyè pou klas mwayèn avèk avantaj pou machann nou yo ki travay di ak ranfòse envestisman ki non sèlman mete ekonomi New York la sou sante rekiperasyon men tou ki konstwi avni nou", Gary LaBarbera, Prezidan Building and Construction Trades Council of Greater New York la te deklare. "Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip efikas li nan avanse ak plan anbisye sa a epi nou prepare pou nou travay pou konstwi pasrèl Vil New York sa a".

**Kyle Bragg, Prezidan, 32BJ, te deklare,** "Manm 32BJ nou yo sipòte pwopozisyon konplèks estasyon Empire a, ke nou kwè ki pral rekonstwi konfyans nan Vil New York nan envesti nan nwayo komèsyal ak enfrastrikti transpò nou. Nou kontan Eta a ap vanse avèk yon plan nou espere ki pral pote plizyè santèn bon travay ki byen peye pou travayè nan konstriksyon ak lojman abòdab endispansab, epi nou pa ka tann pou nou kontinye fè patenarya pou pèmèt avantaj enpòtan sa yo tounen yon reyalite".

**Prezidan Manhattan Community Board 4, Lowell Kern, te deklare**, "Konsèy Kominote Manhattan 4 (Manhattan Community Board 4) la trè ankouraje avèk priyorizasyon Gouvènè a pou amelyorasyon ki nesesè pou fè Penn Station tounen yon enstalasyon klas mondal pa rapò ak lòt aspè plan sa a jan sa te pwopoze anvan. Toujou genyen yon seri pwoblèm ki pral egzije yon diskisyon pwofon ant plizyè antite ak kominote lokal la, epi nou pa ka tann pou nou fè pati diskisyon sa yo".

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèrsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal kap kontwole Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Gouvènè Kathy Hochul ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblemantik Eta. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

### **Konsènan Otorite Transpò Metropoliten**

Otorite Transpò Metropoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) se pi gwo rezo transpò nan kontinan Amerik Dinò a, k ap sèvi yon popilasyon 15.3 milyon moun nan yon sipèfisi 8,047 kilomèt kare ki etann soti Vil New York la passe nan Long Island, zòn lès Eta New York ak Connecticut. Rezo MTA a gen ladan pi gwo flòt bis peyi a ak plis tren ak fewovyè banlye pase tout lòt sistèm transpò an komen Etazini yo ansanm. Ajans operasyon MTA yo se MTA New York City Transit, MTA Bus, Long Island Rail Road, Metro-North Railroad, and MTA Bridges and Tunnels. Dispozisyon MTA pou yon transpò publik san danje, pwòp ak efikas se eleman vital rejyon metropoliten Vil New York la - ki konekte plizyè milyon rezidan nan opòtinite kiltirèl, edikatif, travay ak ekonomik yo atravè rejyon an.

### **Konsènan Gwoup Travay Komite Konsilitatif Kominotè a**

CACWG a gen ladan Manhattan Community Boards 4 ak 5, responsab lokal eli, ESD, reprezantan rezidan, The Municipal Art Society of NY, Regional Plan Association, Tri-State Transportation Campaign, 34th Street Partnership, Grand Central Partnership, Building & Construction Trades Council of NY, 32BJ, Manhattan Chamber of Commerce, Transportation Alternatives, REBNY, We Act for Environmental Justice ak lòt pati enterese.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)